



Pon River Street la ap Fèmen Reyinyon Piblik Vityèl pou Enfòmasyon

Sa k ap pase ?

Depatman Transpò nan Massachusetts (MassDOT, ki rele tou "Massachusetts Department of Transportation") ap ògànize yon reyinyon piblik vityèl pou enfòmasyon pou bay manm kominote nan zòn Hyde Park yo dènye nouvèl ki genyen sou travay y ap eseye fè pou ranplase pon River Street Bridge la, ki pase anlè Amtrak/MBTA Northeast Corridor. Kounye a, pon an fèmen sòf pou trafik pyeton. Dapre konklizyon MassDOT yo, si yo kenbe pon an fèmen pandan y ap fè premye travay preparasyon yo, ak devlope modèl pou yon nouvo pon ki pral fè ekonomize anpil tan, sa pral finalman pèmèt ouvri yon pon pèmàn nan pou ranplase sa ki la kounye a avèk jiska dizwit mwa avans sou dat yo te prevwa anvan an.

Ki konsekans sa pral genyen pou ou ?

Dapre pwopozisyon yo fè kounye a, pon an pral rete ouvri pou trafik pyeton sèlman, epi oto yo ap pran yon lòt chimen, menm jan yo fè depi yo fèmen wout la. MassDOT prevwa li pral kapab prezante kominote a yon modèl li pwopoze pou yon nouvo pon nan premye trimès 2023 a.

Kilè

MADI 11 OKTÒB 2022
6:00PM

Pou Patisipe

www.mass.gov/massdot-highway-design-public-hearings.



Gade nan adrès www.mass.gov/massdot-highway-design-public-hearings pou plis enfòmasyon.



Lokal reyinyon sa a aksesib pou moun ki andikape ak moun ki pa konn pale angle byen. MassDOT ap fè aranjman rezonnab ak / oswa bay asistans nan lang si yon moun mande, san fè li peye, toutotan sa posib. Pou mande fè aranjman oswa pou mande asistans entèprèt, tanpri kontakte Responsab MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la (MassDOT's Chief Diversity and Civil Rights Officer) nan nimewo telefòn (857) 368-8580, fax (857) 368-0602, relè 7-1-1, oswa nan adrès mesajri MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Demann yo dwe fèt pi bonè ou kapab anvan jou reyinyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprèt, demann yo dwe fèt omwen dis (10) jou ouvrap davans, anvan jou reyinyon an.

Pou poze kesyon sou pwòje a, ou mèt voye yon mesaj elektwonik tou nan adrès MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us

Voye nenpòt kesyon ekri sou travay yo pwopoze a bay : **Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: Project Management, PROJECT FILE NO. 606901.**